



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 2 fevriye 2015

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APLIKASYON LWA KI PI SEVÈ POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT FWOD NAN ASISTANS IMIGRASYON

Lwa akòde otorite a premye Biwo Entegrasyon Imigrasyon Eta, Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke, apati jodia, moun ak òganizasyon kap twonpe Nouyòkè yo kap chèche èd ki gen rapò a imigrasyon pral kounye a sijè a krim ak/oswa chaj enfraksyon. Anvansa, pat gen lwa spesifik pou pwoteje moun ki fèk vini yo kont fwod, twonpri ak eksplwatasyon. Avèk aplikasyon lwa sa a, imigran yo pral kounye a benefisye de kondisyon anplis pou moun kap ba yo asistans ansanm avèk divilgasyon ki pifò pou konsomatè a.

“Jodia, Eta New York ap pran yon etap enpòtan pou pwoteje moun yo ki vini isit la pou chèche yon lavi miyò,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nouvo lwa sa yo pral pwoteje moun ak fanmi kont fwod nan asistans imigrasyon, epi pèmèt Eta redwi agresivman sou moun kap prive lòt yo opòtinite pou yo pouswiv rèv ameriken an. Mwen fyè dèske nouvo lwa sa yo ap anvigè jodia, paske yo pral ede New York kontinye akeyi moun tout ras, kilti ak nasyonalite pou anpil ane kap vini.”

Chak ane, Nouyòkè yo viktim pa eskwo ki pozisyon yo tankou avoka imigrasyon oswa reprezantan imigrasyon otorize lè yo chaje lajan pou sèvis yo ke yo pa janm bay. Fòm yo rekonèt souvan nan fwod imigrasyon gen ladan: fo pwomès rezidans pèmanan Etazini ak sitwayènnte; preparasyon aplikasyon pou benefis imigrasyon swa pa moun ki pa kalifye oswa sa yo ki angaje nan pratik ilegal lalwa; lavant fòm imigrasyon ki disponib gratis; fo imitasyon reprezantan imigrasyon yo; ak menas enjistifye depòtasyon. Anpil fwa, viktim yo afekte negativman pa moun malonèt sa yo ke yo pèdi de fason pèmanan opòtinite enpòtan imigrasyon ki te ka otreman ede yo.

Anplis de kreye asistans fwod imigrasyon nan premye ak dezyèm degre kòm krim nouvo ak diferan daprè lalwa penal, nouvo lwa yo egalman ranfòse pwoteksyon konsomatè a nan amelyore egzijans tradiksyon, anpeche itilizasyon tit travay twonpè nan siy ak piblisite, epi ogmante penalite sivil pou vyolasyon lwa pwoteksyon konsomatè a ki egziste deja.

Fwod nan Asistans Imigrasyon se yon krim ki manke deklare nan Etazini. Daprè Komisyon Trade Federal, yo te depoze plis pase 890 plent nan sèvis fwod imigrasyon Etazini nan ane 2013, yo te depoze 100 ladan yo nan Eta New York atravè FTC ak nan liy telefòn dirèk Nouvo Ameriken Eta New York. Otorite Gouvènman ak defansè imigrasyon espere yon ogmantasyon nan aktivite fwod ki sible imigran yo pandan Kongrè a ap fè deba osijè refòm federal konplè imigrasyon.

Nouvo lwa yo tou etabli otorite legal spesifik pou Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo, premye biwo entegrasyon imigrasyon nan nivo eta nan peyi a. Gouvènè Cuomo te lanse Biwo a nan ane 2013 avèk objektif pou ofri sipò adisyonèl a popilasyon imigran an. Nan premye dezan fonksyonman l, biwo a te ede plis pase 67,000 moun atravè 27 sant opòtinite ki baze sou katye ak yon liy telefòn gratis nan plizyè lang (800-566-7636). Sant Opòtinite yo aprann Nouvo Ameriken pale Angle, ede yo nan demach yo pou yo natiralize sitwayen ameriken, ede imigran yo kòmanse ak devlope biznis, epitou ofri fòmasyon pou òganizasyon kominotè yo pou yo ka ofri sèvis imigrasyon.

Pwoteksyon adisyonèl yo fè pati nan yon efò konpreyansif pou konbat fwod nan asistans imigrasyon nan Eta New York, sa ki gen ladan:

- Lanse yon kanpay sèvis piblik plizyè lang kap avèti imigran yo kont fwod;
- Ogmante Liy telefòn gratis Nouvo Ameriken Eta New York (800-566-7636) pou travay kòm yon resous pou kowòdone asistans imigrasyon plent pou fwod epi ofri sèvis referans;
- Ogmante fòmasyon lwa sou imigrasyon gratis pou ede ajans a bi non likratif kap sèvi imigran lokal yo pou yo vini akredite federalman pou bay kalite sèvis sa yo;
- Ranfòse aplikasyon kont pratik ilegal nan lwa sou imigrasyon lè yo amelyore kowòdinasyon ant Pwokirè Jeneral, Biwo Avoka Distri, Depatman afè konsomatè gouvènman lokal ak ajans federal yo atravè referans plent. Yo pa pral mande moun ki pote plent yo sou estati imigrasyon yo nan ka sa yo.

Nouvo lwa yo ak efò pou konbat fwod nan asistans imigrasyon devlope sou règleman eta te adopte anvan nan ane 2012, ki pwoteje Nouvo Ameriken yo kont moun kap fè fwod ki pretann ke yo se notè piblik. Règleman sa yo entèdi notè piblik yo pou yo pa fè piblisite sèvis yo nan itilize tèm lang etranje ki fosman reprezante oswa enplike ke yo gen lisans avoka ki otirize yo pratike lalwa oswa otorize pou bay konsèy imigrasyon.

Kòm Pwokirè Jeneral, Gouvènè Cuomo te travay tou pou konbat fwod imigrasyon, li te itilize lwa jeneral sou dwa sivil pou envestige avèk siksè ak pouswiv konpayi yo paske yo te twonpe imigran yo. Li te egalman garanti jijman tribinal ak règleman-akò ki depase \$23 milyon dola nan non popilasyon imigran Eta. Konbine avèk nouvo lwa jodia, pwokirè yo gen zouti ki menm pi fò pou envestige epi pouswiv fwod sou asistans imigrasyon.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride